


NDINOZIVA

 Zvirokwazvo tiri vanhu vane mukana wakanaka kuve pano mangwanani ano, kuve vapenyu panyika, kuona imwe nguva huru yeEsta. Nguva dzose Esta inounza chinhu cha—chakabwinyiswa kwazvo kwatiri, tariro itsva. Uye—uye zvikuru zvakadini!

² Zvino ndichingopinda mukamuri kumashure uko mangwanani ano, mumwe munhu asangana neni ndokuti, “Hama Branham, munoziva mwa—mwana mucheche mudiki, kana mwana mudiki kana mumwe munhu, akanamatirwa kuChautauqua gore rapera, uyo aifanira kubviswa moyo wake, uye mavharuvhu kana chimwe chinhu choiswa pauri.” Ati, “Mwana mucheche wacho akapodzwa, uye ari muchivakwa mangwanani ano, kutaura chokwadi, uye akagara pano mangwanani ano.” Saka zvakanaka, tichava nechapupu chidiki kubva kwaari pamwe tisati tatanga imwe shumiro. Uye tingori vanhu vanofara havo.

³ Zvino ndichakumbira Hama Neville kana vangawana Rugwaro rwekuverenga rwaMateu kana Ruka, rwumwe, rwerumuko, kana manga musati matorwuverenga kare. Manga madaro here, hama? [Hama Neville vanoti, “Kwete.”—Mupepeti] Saka, patiri kugadzirira munamato.

⁴ Uye zvino chichatevera shumiro ino, kuchave neshumiro yekunamatira vanorwara. Mushure mekunge shumiro ino yapera, mobva maenda pakunodya kwenyu kwemangawanani. Zvino, mushure meizvozvo, tichadzoka zvakare nanine-thirty uye totanga imwe shumiro. Uye ipapo shumiro dzekunamatira vanorwara dzinotevera izvozvo. Uye zvakare shumiro dzerubhabhatidzo dzinozotevera izvozvo.

⁵ Uye inguva yakanaka sei yekubhabhatidzwa! Oo, ini zvangu! Rumuko! Ndosaka tichibhabhatidzwa, nekuda kwekuti Akamuka zvakare.

⁶ Ndinorangarira tisati tave nedziva redu rekubhabhatidzira pano, ndaisienda navo zasi kurwizi zasi kuno, rungwanani-ngwanani, mangwanani aitonhorera achiita seaive nechando, uye ndobhabhatidza vanhu zasi uko kurwizi. Pane chimwe chinhu nezvazvo icho, chekungoti, inguva yakaereswa. Esta, inguva huru.

Ndanga ndakatarisa Hama Pat Tyler vagere neche apa.

⁷ Ndakanga ndichingotaura nemumwe munhu husiku hwapfuura. Kuti, musangano wedu wekupedzisira kuOklahoma, ndakaedza, ndichiedza zvino (uye ndichazivisa izvi) kuisa parutivi kusvikira Mwari vandidaizwa kuti ndizviite, shumiro

yangu yekare yekunzvera, nekuti ndinofunga (kutanga) ndeiyu shu—shumiro itsva iri kuuya.

⁸ Humwe husiku, pasina munhu aiziva chinhu nezvazvo, ndakaiedza pamwana aiuya nepapuratifomu, aiva akaberekwa ari bofu, mucheche; uye akange ari bofu zvachose, angangoita mukomana ane makore gumi nematanhatu ekuberekwa. Uye pakarepo akabva aridza mhema, “Hama Branham, ndave kuona!” Uye ipapo, uye Pat aiva . . . Ty- . . . akamira padyo, chaipo paiva nemukomana, maziso ake paakavhurika kekutanga muhupenyu hwake hwese. Uye saka ndinovimba kuti imi pano, nekutarisira kukuru, pamwe neni, ndiri kutarisira chimwe chinhu, chokuti Mwari vatiitire, nekutiunza kumusoro kune chimwe chiyeo kupfuura zvatange tiri.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino kuti tinamate.

⁹ Baba vedu veKudenga vane Nyasha, sezvataungana mangwanani ano, pano muchechi diki iri padivi penzira, tinotenda zvirokwasvo nokuda kweNyu, nezvinozve zvose izvi kwatiri, uye zvikuru mangwanani ano eEsta. Dai paive pasina Esta, tingadai tisina kunge tiri muchinhano chatiri nhasi. Kuti, Esta ndiyo yakasimbisa vimbiso dzose dzaMwari. Yakadzisimbisa kwatiri. Zvese zvaVakavimbisa, zvese zvakaithwa mazvirokwasvo paEsta. Rimwe remazuva makurusa emhemberero ratinogona kuve naro mugore! Uye taikumbira, Ishe, nhasi, kuti Munyaradze moyo yedu patiri kugara, takamirira, uye tiri pasi pekutarisira Mweya Mutsvene, Wakauya mumashure meEsta, uye pamwoyo yedu uye uzotinyaradza, nekudzoreredza kutenda kwedu, muzviyeo zvikuru zvine simba, kuti tikwanise kufamba hupenyu uhwo Jesu akatitemera kuti tifambe.

¹⁰ Tainamatira munhu mumwe nemumwe, uye kunyanya kune avo vakavharirwa mukati uye vasingakwanise kusvika kushumiro chero kupi hako nhasi. Mwari, ivai navo. Uye dai—dai Esta ino ikavawanira Esta yemazvirokwasvo, kumuka kubva pamubhedha, uye nehutano hutsva hwavasati vambobvira vaziva muhupenyu. Zviitei, Ishe.

¹¹ Dai muparidzi wese, muranda wese waMunayeye pasi rese nhasi, ari kupemberera rangaridzo huru iyi, dai vava nekuzodzwa nekukwanisa uye neSimba, kuunza kuungano dzavo (makwai akamirira) Chikafu icho Mwari chavakachengetera vanhu vaVo. Zviitei, Ishe. Tinomirira mugove wedu, mukuzvinipisa, muZita raIshe Jesu Kristu. Amen.

¹² Ndiri kuzove naHama Neville zvino kuti vaverenge Magwaro erumuko. [Hama Neville vanoti, “Mateu 28,” uye vanoverenga Rugwaro rwunotevera—Mupepeti]

[*Nokupera kwesabata, kwava kutanga kuedza nomusi wekutanga kwevhiki, Maria Magdarene nemumwe Maria vakauya kuzoona bwiro.*]

[*Zvino, tarira, kwakavapo kudengenyeka kukuru kwenyika: nekuti mutumwa waShe wakaburuka kubva kudenga, uye akauya akakungurutsa ibwe kubva pamukova, ndokugara pamusoro paro.*]

[*Chiso chake chakange chakaita semheni, uye nguwo yake yakachena sechando:*]

[*Zvino varindi vakadedera nekumutya, vakaita sevakafa.*]

[*Zvino mutumwa akapindura akati kuvakadzi, Musatya imi: nekuti ndinoziva kuti munotsvaka Jesu, wakanga akarovererwa pamuchinjikwa.*]

[*Haapo pano: nekuti wamuka, sezvaakareva. Huyai, muone panzvimbo pakange pavete Ishe.*]

[*Kurumidzai muende, mundoudza vadzidzi vake kuti wamuka kuvakafa; uye, tarirai, anokutungamirirai kuGarirea; ikoko muchamuona: tarirai, ndakuudzai.*]

[*Zvino vakakurumidza kubva pabwiro vachitya nekufara zvikuru; vakamhanyira kunounzira vadzidzi vake shoko.*]

[*Zvino vakati vachienda kunoudza vadzidzi vake, tarira, Jesu akasangana navo, achiti, Kwaziwai. Zvino vakauya vakabata patsoka dzake, vakamunamata.*]

[*Zvino Jesu akati kwavari, Musatya: endai munoudza hama dzangu kuti vaende muGarirea, uye vachanondionako.*]

[*Zvino vachiri munzira, tarira, vamwe vevarindi vakapinda muguta, ndokuratidza vaprista vakuru zvinhu zvese zvakaitwa.*]

[*Zvino vakati vaungana nevakuru, vakarangana, vakapa varwi mari zhinji.*]

[*Vachiti, Taurai muchiti, vadzidzi vaKe vakauya usiku, vakamuba apo ivo vavete.*]

[*Uye kana izvi zvikanzwikwa nomubati, tichamunyengetedza, nekumuchengetedza.*]

[*Zvino vakatora mari, uye vakaita sezvavakadzidziswa: chitaurwa ichi chinowanztaurwa pakati pevaJudha kusvikira zuva ranhasi.*]

[*Zvino vadzidzi vanegumi nemumwe vakaenda kuGarirea, kugomo ravakarairwa naJesu.*]

[*Zvino vakati vachimuona, vakamunamata: asi vamwe vakakahadzika.*]

[Zvino Jesu akasvika akataura kwavari, achiti, Simba rose rakapihwa kwandiri kudenga nepanyika.]

[Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muvabhabhatidze muzita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene:]

[Muvadzidzise kuchengeta zvinhu zvese chero cheizvo zvandakakurairai: uye, tarirai, ndinemi nguva dzose, kunyangwe kusvikira kumagumo enyika. Amenii. Chibenga chisina chinhu patepi.]

¹³ . . .vawedzere maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo.

¹⁴ Zvino tingati, kuzivisa zvakare zvino, kuti shumiro, uye yemangwanani, ichaenderera mberi pana nine-thirty, nekukurumidza patinobva pane ino, iyo. . .ino shumiro yamangwanani zvino. Uye zvakare tinoidaidza kuti shumiro yedu yepakubuda kwezuva. Uye tiri, tine zvimwe zvinhu zvikuru zvekukuudzai pamusoro pemi—misangano yakapfuura. Uye tinoda kuti imi munorwara nekutambudzwa, mese zvenyu, kuti muuye nekutenda mangwanani ano, muchitenda kuti Jesu uyu akamuka anorarama nhasi, uye Anongova mumwe chete sezvaAkagara ari. Haana kushanduka nepadiki zvapo.

¹⁵ Zvino ndinoda kuverenga chidimbu chidiki cheGwaro pano, rinowanikwa muchitsauko 19 chaJobho, kutanga nendima 15.

Avo vanogara mumba mangu, . . .varandakadzi vangu, vanonditi ndiri mutorwa: ndiri mweni pamberi pavo.

Ndakadana muranda wangu, asi haana kundipa mhinduro; ndakamukumbirisa nemuromo wangu.

Kufema kwangu hakunzwisisike kumukadzi wangu, kunyange ndakakumbirisa nekuda kwevana venyama yangu pachangu.

Hongu, vana vadiki vakandishorawo; ndakamuka, vakataura zvakaipa pamusoro pangu.

Shamwari dzangu dzose dzepamoyo dzakandisema: uye neavo vandaida vakandipandukira.

Mapfupa angu akanamatira kuganda rangu nenyama yangu, uye ndapunyuka neganda remeno angu.

Ndinzwireiwo tsitsi, ndinzwireiwo tsitsi, O imi shamwari dzangu; nekuti ruoko rwaMwari rwandibata.

Munonditambudzireiko saMwari, musingaguti nenyama yangu?

O dai mashoko angu zvino ainyorwa! oo dai ainyorwa mubhuku!

Dai aitemwa nepeni yedare nemutobvu mudombo nekusingaperi.

Nekuti ndinoziva . . . mudzikinuri wangu anorarama, uye kuti achamira pazuva rekupedzisira panyika:

Uye kunyangwe mushure . . . honye dzemunyama dzaparadza mutumbi uyu, kunyange zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari:

Wandichazvionera, . . . meso angu achaona, kwete mumwe; kunyange itsvo dzangu dzaperera mandiri.

16 Ndinoda kutora chidzidzo ipapo, chinowanikwa muna Jobho uyu 19, *Ndinoziva*.

17 Mukuru panguva iyi akange akaita sekunge zvatiri nhasi. Akange ari mumatambudziko makuru, sezvatinozvidana, “mvura dzakakwirira,” zvino akange apererwa. Mazuva mazhinji aigara pamurwi wemadota, uye achiedza kutsvaga mazwi ekumunyaradza, achiedza kutsvaga chimwe chinhu chaizomupa kushinga, uye chimwe chinhu chaizova—chaizova nyaradzo kwaari paakaona hupenyu hwake huchidzikira kubva maari.

18 Chekutanga, akange ave murume akwegura, angaite makore anenge makumi mapfumbamwe ekuberekwa, uye akange arohwa neruoko rwaMwari. Zvino, tinoziva kuti Mwari vakanga vasina kumubata neruoko rwaVo, asi kuti Mwari vakanga vatendera Satani kuti amubate. Mwari vane vatumwa bedzi vekuita zvinhu. Mwari vachida kuti chakaipa chiiitwe, Vanongoregedzera Satani kuti azviite. Uye kana Vachida chakanaka chiiitwe, Vane varanda vaVo vaVanosunungura kuti vachiite.

19 Zvino Satani akange abata Jobho nechinangwa, chekumuedza, nekuti iye naMwari vakaitirana nharo. Uye Mwari vakaudza Satani kuti, “Ndine muranda munyika, hakuna akafanana naye. Chero chipi chaNdinotaura kwaari, anochiita. Murume akakwana, uye murume akarurama.”

20 Zvino Satani akati, “Kana Mukangonditendera kuti ndive naye, ndichamuita kuti aKutukei kumeso kweNyu.”

21 Jobho, asingazive zvinhu zvese izvi zviri kuitika, zvakaipinza mukuru mukushungurudzika kukuru. Asi zvakadaro, neimwe nzira, apo zvese pazvakange zvabva paari, akaramba akachengeta chinzvimbo chake muna—muna Kristu. “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama,” akadaro.

22 Zvino tinosvika panzvimbo idzodzo. Tose tinosvika. Uye ndinotenda kuti nhasi, kuti takaungana pano nekuda kwechimwe chinhu chakaita sechinangwa chimwe chete ichocho. Tese tiri pamirwi yemadota. Tine matambudziko edu, nenguva dzedu dzekufara nedzekusafara, nenguva dzedu—dzedu dzakaipa, nehurwere hwedu, nekurwadziswa moyo kwedu, nekuodzwa mwoyo kwedu. Saka tinouya sekudaro, ari mangwanani, mangwanani ano eEsta, kuti tiwane mashoko

enyaradzo, saJobho aaidza kuti awane kubva kushamwari dzake.

²³ Hapana kana mumwe wavo aigona kumupa chero nyaradzo. Nekuda kwedambudziko rake, vaimupomera mhosva yokuva mutadzi wepachivande. Ipapo, mukati medambudziko rose iroro, Mwari vakauya kuzomunura.

²⁴ Jobho aibvunza. Sezvaaiziva, kwete bedzi chirwere chake nemamota ake, uye nedambudziko nekurwadziiswa pamoyo, zvichibva pakurasikirwa nemhuri yake nehupfumi hwake hwese, zvakanga zvava kutoda kutora hupenyu hwake; asi akange ava murume akwegura, ava nemakore mazhinji kwazvo, uye achiziva kuti akange ava kudzika zasi muguva. Uye, achiziva kuti, aitenda kuti paiva nemumwe munhu akamuunza panyika, aisangokwanisa kuuya pano ega. Uye aiziva kuti akabva kuna baba naamai, asi, zvakadaro, baba naamai ivavo vaifanira kuva nemumwe munhu wekuvaunza. Uye zvairamba zvichidzokera kumashure kusvika kune wokutanga, “Ndiani akaunza wekutanga, wacho?”

²⁵ Uye haana kuziva izvi. “Chinhu chinoshamisa kuti hezvino ndiri pano, ndichifamba-famba, hupenyu hwepamusoro kupfuura huri hwemhuka, uye hupenyu hwepamusoro kupfuura hupenyu hwezvirimwa.” Asi zvakadaro tinoona kuti akati, “Kana muti ukafa, unorarama zvakare. Uye kana ru—ruva rikafa, rinorarama zvakare.” Asi akati, “Munhu anovata pasi, anoburitsa mweya wake, zvino aripi? Vanakomana vake vanouya kuzomuchema uye nekuremekedza, asi haazvioni.” Zvino ainetsekana, “Ko yaive nyaya yei kuti—kuti Mwari vaizoregedza hupenyu hwakadaro kuti hurarame zvakare, sezvakaita maruva nezvirimwa, asi munhu aisakwanisa kurarama zvakare?” Zvese izvi zvakamunetsa.

²⁶ Uye kana tikangatora kubva pamhedzisiro iyi mangwanani ano. Uye ndizvo zvatavinga pano. Takanzwa nyaya yeEsta, ichidzokororwa nekudzokororwazve, uye ndokuiverenga nekuiverengazve; uye nhasi, panhepfenyuro dzenyu dzeredhiyo, muchanzwa vashumiri vakasiyana-siyana vachitaura pamusoro payo. Asi zvandafunga, kuboka rangu diki mangwanani ano, Ishe ravakandipa, Ndaizoitaura ndichibva pane mamwe maonero kana ndaigona, ndichiuya kunzvimbo yekuti: Sei tichisvika kumatambudziko aya? Chii chinoita kuti zvinhu izvi zviuye? Sei Mukristu achifanira kunetsekana? Sei zvisingaite kuti zvinhu zvese, zvingonyatsofambira Mukristu zvakanaka? Asi hazvidaro, uye tinozviziva.

²⁷ Uye dzimwe nguva tine matambudziko akatowedzerwa patinova Mukristu kupfuura zvataiita pataive vatadzi. Chokwadi, Zvakanyorwa, “Mazhinji matambudziko ewakarurama, asi Mwari vanomudzikinura kubva kwaari ose.” Mwari vakavimbisa matambudziko mazhinji, manzwiwo

asinganzwisisike, uye nezvinhu zvisinganzwisisike izvo zvaizopfuurira kunzwisisa kwedu, asi zvinogara zvichiitirwa kuti zvitinakire. Hatikwanisi kuzvinzwisisa bedzi, nekuti, kana taidaro, ipapo zvaisazova kutenda kwatiri; taizoenda nekunzwisisa. Asi tinozviita, uye tinazvo, uye tinotenda nekutenda, Shoko raVo, kuti richashanda chimwe chinhu chakanaka kwatiri. Kana tikakwanisa kuzvibata nhasi, pamangwanani ano—ano. Kana tikakwanisa kuzvibata kuti matambudziko edu ese. . . Uye hapana kana mumwe wedu anoti haawane. Uye kana tikakwanisa kucherechedza kuti zvinhu izvozvo zvakinakira!

²⁸ Zvakanyorwa, mune rimwe reMagwaro muBhaibheri, kuti, “Miedzo inounzwa patiri, yakanyanya kukosha kwatiri kupfuura goridhe pacharo, nekuti ndiMwari vari kutipa miedzo iyi.” Mushure mekunge tava pfuma yaVo, kureurura kwedu nerubhabhatidzo rwedu, nevimbiso yedu yekufamba muhupenyu kuitira iVo, zvino muedzo wese unouya patiri ndewe kutikwanisa kuitira kubwinya kwaVo. Uripo kutisvitsa panzvimbo iyo Mwari vanokwanisa kuzviita pachaVo wamazvirokwazvo zvakawedzerwa kwatiri kudarika zvaVaive muedzo usati wauya.

²⁹ Ndiri kuda kubatana pamwe chete mangwanani ano naJobho, kutaura kuti ndararama nguva yakareba kuti ndizive kuti iChokwadi. Ndakazviona muhupenyu hwangu pachangu, kuti nguva dzese panosimuka chihano chakakura, chandisingakwanise kupoterera, kana kuenda nepasi pachokwana nepamusoro pachokwana, Mwari vanogadzira nzira, uye zvobuda zvakabwinyiswa. Handingozivi hangu kuti nyasha dzaVo dzinombozviita sei, asi Vanozviita.

³⁰ Uye rangarirai, muzvinhu zvose izvi, Satani anoedza kutiita kuti tihute-hute, nekutitsamwisa, kutiita kuti tifunge, “Oo, ko sei izvi zvaitika? Ko sei ndisina kukwanisa kunge ndakadai?”

³¹ Mazuva mashoma apfuura pandakabuda kubva munzvimbo yakanyanyisa kunaka, uye inonyanyisa kuyevedza yandati ndakamboona muhupenyu hwangu hwese, chaive chivakwa chikuru chehama yedu, Oral Roberts. Pandakaona riya dombo rega-rega remarble, uye risina kana hwindo zvaro mariri kana pai zvapo, asi magadzirirwo araive rakaitwa! Zvino ndakambova muHollywood uye ndakambova mumizinda yemadzimambo, uye ndakambova munzvimbo dzese dzinogona kuvepo, hakuna, kutenderera pasi rese, uye nenzvimbo dzese dzeumbozha, dzakanaka uye nemusha, asi handina kumbobvira ndakaona, chero nzvimbo, yekuenzanisa, nayo, hakuna kana zvachose. Kutamba diki dzearuminiyamu dzinorukana sei mu—mukati pamwe chete, uye, oo, handisati ndamboona chero chinhu chinoyevedza zvakadaro muhupenyu hwangu hwese. Pandakafamba nemukati imomo, ndokutora maoko angu ndokukwiza mbiru dziya, ne—negirenaite huru; zvese

zviri muchimiro chehutatu hwaBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, zvi—zvivezwa zvacho. Zvinhu zvese izvozvo! Ndainge ndichangobva kweHama Tommy Osborn, ndikaona basa ravo guru, rinoshamisa ikoko raShe.

³² Ndakamira kunze, ndokutarisa kumashure kuchivakwa ichocho, zvino ndikafunga, “Mwari, zvirokwasvo ndave munyengeri, zvirokwasvo ndava murambiwa, kune imwe nzvimbo; nekuti, shumiro dzevarume ava dzakabva pane yangu.” Zvino ndakafunga, “Chii? Pamwe handina kuvimbika kwazvo, Ishe, zvekuti haMuna kukwanisa kuvimba neni nechero chinhu chakadaro. Kunyangwe madhora mashoma, mashoma aMakanditendera kuti ndibhadhare misangano nezvimwe, zvino vari kuedza kundiyendesa kujeri nekuda kwawo. Uye sei ndiri munyengeri akadaro, kana kuti sei ndiri munhu asina kuvimbika zvakadaro?”

Ndaive ndiri pamurwi wemadota, saJobho wekare.

³³ Pandakamira kunze ikoko, zvekutoti ndapererwa nemweya wangu wekufema, nekuda kwekuyevedza kwakadaro; kwokuti mukomana uya murombo akaberekerwa mumugero, muPentekosti, akagona kuita uye nekuunza ichocho kuti chive chivakwa chikurusa. Uye ndakafunga, “Oo Mwari, pamwe handina kukodzera.”

³⁴ Ipapo ndokubva rimwe Izwi diki radzika nemumakoridho iwayo, ndokuti, “Asi Ndiri mugove wako.”

³⁵ Ndokubva ndafunga, “Oo Ishe Mwari, oo, chingoregai izvozvo zvigare zvakadaro, ipapo, Ishe. Ini. . . nekuti handaizova nehuchenjeri hwekuita basa guru rakadaro kuitira Imi. Uye ndiri munhu a—asina kudzidza. Asi, chero bedzi Muri mugove wangu, ndiri weNyu, uye Muchanditungamirira. Handaikwanisa kuzvitungamirira. Asi, O Ishe, nditungamirireiwo!”

³⁶ Inguva idzodzodzokuomerwa dzinotimanikidza kuenda pajecha rinoyera. Zvakanga zviri muBhaibheri. Uye rangarirai, zvisinei kuti kushungurudzika kukuru sei, Satani haakwanise kutora hupenyu hwako kusvikira Mwari vapedza newe. Hapana chinhu chinogona kuitika kwauri kunze kwekunge Mwari vachitendera. Hapana chakaipa chinogona kuuya kunze kwekunge Mwari vachitendera. Uye ndezvekuitira kuti zvikunakire zvaVari kushanda izvozvo. Ngatifungei.

³⁷ Paya pakauya mafashama kuzoparadza nyika, haana kukwanisa kuparadza Noa. Noa akange asingagoni kuparadzwa, nekuda kwekuti Mwari vaive nebasa ravaida kuti aite.

³⁸ Rimwe zuva, zasi munyika huru pasi pehutapwa hukuru, paive nevamwe vana vechiHebheru vatinoziva saShadhireki naMisheki naAbhedhinego. Zvino zvakasvika pane imwe nzvimbo pavaitofanira kutora sarudzo, kuti chimwe chinhu

chaifanira kuitwa. Vakanga vaine... Kutenda kwavo—kwavo—kwavo kwakaiswa pakuedzwa.

³⁹ Uye kana kutenda kwako kwaiswa pakuedzwa, ipapo usakundike. Nyatsogara chaizvo nezvaunotenda.

⁴⁰ Zvino kutenda kwavo pakwakaiswa pakuedzwa (Uye vakaenda panguva yekuomerwa, havana kungoenda bedzi kumu—murwi wemadota, asi vakapinda muvira remoto, asi Satani haana kukwanisa kuvaparadza, nekuti chinangwa chaMwari chakanga chisati chazadziswa.), vaigona kupinda imomo vaine tariro iyi: “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama!” Vaigona kupinda imomo netariro iyi pano, “Tine kugutsikana kwekuti Mwari vanokwanisa kutidzikunura kubva muvira remoto, asi, zvisinei, hatisi kuzokotamira chimufananidzo.”

⁴¹ Satani haaikwanisa kuvatora. Haaikwanisa kunyudza Noa mumafashama, kudzamara chinangwa chaMwari change chapedzwa. Haaigona kupisa vana vechiHebheru, kudzamara chinangwa chaMwari change chapedzwa. Haaikwanisa kuuraya Jobho nemamota nematambudziko, kudzamara chinangwa chaMwari change chapedzwa. Kunyangwe neshumba hadzaikwanisa kudyana Dhanieri, dzamara chinangwa chaMwari change chapedzwa. Kunyangwe rufu nekukwegura hazvaikwanisa kutora Abrahama, kudzamara chinangwa chaMwari change chapedzwa.

⁴² Uye zvakare harwugone kukutora, kana kunditora, kudzamara chinangwa chaMwari, chehupenyu hwedu, chapedzwa. Saka, tinowana kubva ipapo, nyaradzo.

⁴³ Uye sei Mwari vachirega matambudziko achiuya? Mwari vanosunga dambudziko, voisa matomu mumuromo maro uye voriiita kuti riVateerere, uye matambudziko iwayo anotiunza mukuyanana kwepedyo naMwari.

⁴⁴ Pakanga pasina muraraungu kusvikira mafashama auya. Asi mushure mekunge Noa amanikidzirwa muchinhano ichocho chaainge ari machiri, kuyangarara kwemazuva nehusiku makumi mana, mudutu, uye areka diki ichitomuka-tomuka mumvura; zvaive mushure mekunge mafashama apera, kuti akaona muraraungu kekutanga, sungano yetariro, sungano yevimbiso. Mushure mekunge apinda nemumatambudziko, akabva aona vimbiso.

⁴⁵ Ndiyo nzira yaunoona nayo vimbiso, mushure mekunge wapfuura nepakati pematambudziko. Ndakafarira nhetembo iya, kana pisarema:

Ndingafanira here kutakurwa kuenda
kumusha Kudenga
Pamutambarakede,
Apo vamwe vakarwira kuwana mubairo
Nokufamba nemumakungwa eropa?

⁴⁶ Tinokumbira nyaradzo nerugare. Mwari vanotipa zvakanakisa zvaVanogona kutipa: miedzo nematambudziko. Zviri nani pane nyaradzo nerugare. Kunyaradzwa kwedu kungori mhiri kwerwizi.

⁴⁷ Zvaive kutozosvikira vana vechiHebheru vamanikidzwa kupinda muvira remoto, pane kumwe kuedzwa kwavo kukuru, kuti vazoone Mumwe akafanana neMwanakomana waMwari amire pakati pavo. Matambudziko avo akaburitsa Mwanakomana waMwari akamira pakati pavo, ari mumhepo, kuti abvise mhepo inopisa. Asi kutozosvikira vapinda mumoto ndipo pakaonekwa Munyaradzi uya.

⁴⁸ NdiDhanieri uyo ainge atsunga mumoyo make kuti aisazovisvibisa nezvinhu zvepanyika, uye akamanikidzwa kuburikidza nemuedzo, kuti aizonamata kuna Mwari here kana kuenda kugomba reshumba. Asi maiva mushure mekunge kupisa kwaiswa, zvino ndokukandwa mugomba reshumba, kuti, shure kwaizvozvo, akaona Mutumwa waJehovha amire pakati pake, achidingira kure, iya Shongwe yeMoto huru yakamira pakati pake neshumba. Zvino shumba hadzina kukwanisa kumubata, nekuti akange apfuura nemumiedzo nekuedzwa uye nematambudziko. Uye akaziva kuti Mwari wake aigona kumununura kubva ipapo.

⁴⁹ Aiva Abrahama, mushure mokunge aona ivhu risingachamera, uye kusanaya kwemvura ndokuuya, zvino Roti akazvipatsanura ndokudzika zasi kunogara achiita zvemafaro munyika. Kwakanga kuri mushure mekunge anzwa kunyunyuta nekuchema kwe—kwevafudzi vake, vachisina huswa hwemombe dzake, asi akaramba ari munyika iyo Mwari vakamupa uye yavakamuudza kuti agare semweni. Uye sezuva iroro, mushure mekunge aedzwa kusvikira kutsungirira kwake—kwake kwakange kwava kumagumo, raive zuva iroro apo, mushure mekunge muedzo wapera, akataura chiso nechiso naErohimu pasi pomuoki musu iwowo. Kwakanga kuri mushure mekunge atambura nemiedzo yake, mushure mekunge apfuura nemumatambudziko aakange apfuura nemaari, kuti Mwari vakazviratidza kwaari vari muchimiro cheMunhu; ndokugara ipapo ndokumuudza kuti akange akarooro uye zita remudzimai wake rainzi Sara, ndokuti aVaseka, mutende raive kumashure. Paive ipapo apo Abrahama akaMudaidza kuti “Erohimu.” Makanga muri mushure mekuedzwa nekutambudzwa.

⁵⁰ Oo, dai Chechi yakwanisa bedzi kupepuka kune zvaIri nhasi, kuti zive kuti mushure mematambudziko nemiedzo, nekusekwa nekuitwa jee, zvinhu izvo Chechi yakange ichipfuura nemazviri, Chechi yepentekosti; kuti tinoona Mwari pakati pedu, achiita zviratidzo, nezvishamiso zvikuru.

Mushure mekushanda zvakasimba pamwe
nematambudziko ezuva,

Mushure mekunge zvese zvapfuura,
Ipapo tichaona Jesu pekupedzisira.

Achange akandimirira,
Jesu akanaka kwazvo uye wechokwadi,
Pachigaro chaKe choushe chakanaka,
Achatigamuchira Kumusha
Kana zuva rapera.

Achiri masikati, ngatishandei nesimba.

⁵¹ Vose varume vakuru ava, vaizotitorera chikamu chikuru cheshumiro yedu yemangwanani, kuti tipinde mukutaura izvozvo. Vakapfuura nemumiedzo, ndokuona Mwari. Vakapfuura nemumiedzo, ndokuona Ngirozi. Vakapfuura nemumiedzo; nezvizaruro, ndokuona zviratidzo nezvishamiso, nezvinhu.

⁵² Asi, oo, hapana mumwe wavo akaona zvakaonekwa naJobho. Varume vese ava, mushure mekuona Ngirozi, nekuona Mwari nezvinhu zvole izvi, havana kumbobvira vakaona chinhu chinovapa tariro kuseri kweguva. Asi Jobho akaona rumoko! Akaona Esta. Akaona chinhu chinonyaradza moyo wese. Zvino paakadaro, “Oo dai mashoko angu aidhindwa mubhuku! Oo kuti dai ainyorwa nepeni yedare, mudombo!”

⁵³ Munoono, izvo, zvinhu zvese zvakange zvamupandukira. Vake, kunyangwe varanda vake vaisataura naye. Mudzimai wake aive mutorwa. Hapo paagere, pamurwi wemadota, muedzo mukuru iwoyo. Zvino chechi yakauya, ndokumufuratira, kwemazuva manomwe. Zvino pasina anomunyaradza!

⁵⁴ Ipapo anofanira kunge akaona chiratidzo cheEsta, paakadanidzira, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye pamazuva ekupedzisira Achamira panyika. Ndinoziva! Oo dai mashoko angu akanyorwa nepeni yedare, mudombo, kuti mashoko angu asambofe akaparara zvachose, nekuti ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama! Ndinoziva! Ndinoziva!”

⁵⁵ Chii chaunoziva, Jobho? “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama.” Macherechedza here, kwaisave bedzi neUyo airarama, asi Aive Mudzikinuri kuna Jobho!

⁵⁶ Oo, ngariropafadzwe Zita raShe. Ndinofara kwazvo kuti ndiri chikamu cheEsta, kuti ndiri chikamu cherumuko irworwo! Uye tiri chikamu charwo mangwanani ano, nekuti matiri munogara Hupenyu hwerumuko (ndiko kuti, mugoverwi) hwakaunza Esta. “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu. . .” Chii chaunoziva? Handisi kufungidzira pazviri; tine kufungidzira kwakawanda nhasi. “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama!” Hongu, changamire.

57 Zvino Aive chii? Kana Airarama, Aive Mudzikinuri kuna Jobho. “Wangu,” dungamunhu, *wangu*, “Mudzikinuri wangu anorarama!”

58 Uye chii chimweзве chaunoziva, Jobho? Chii chawakaona muchiratidzo ichocho? “Uye nemazuva ekupedzisira, Achamira panyika. Uye kunyangwe honye dzemunyama dzikaparadza mutumbi wangu, asi zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari, Avo vandichazvionera pachangu. Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye Achamira nezuya rekupedzisira panyika. Kunyangwe itsvo dzangu dzikapera mukati mangu, kunyangwe honye dzemunyama dzikaparadza mutumbi wangu, asi zvakadaro ndiri munyama yangu ndichaona Mwari.” Kuburikidza neipapo paive nechiratidzo chikurusa.

59 Dhanieri akaona Ngirozi. Vana vechiHebheru vakaona Mwanakomana waMwari. Noa akaona muraraungu. Abrahamama akaona Mwari, chiso nechiso. Asi, Jobho akaona rumuko, Jobho akatarira mberi. Madzitateguru ose nevatsvene vakuru, vemuBhaibheri, vakatarisira kuzuva iroro; negutsikano, kuburikidza nezviratidzo zvavo, kuburikidza nezvizaruro zvavo, kuti kwaizouya nguva yerumuko.

60 Zvino tinoona mabasa makuru achienderera mberi. Tinoona masimba makuru aMwari. Tinoona zvinhu zvikuru zvaVaigona kuita. Hawaigona kutarisa zuva uye—uye worega kuziva kuti iSimba raMwari rinounza nyika ichitenderera pazuva iroro. Waisakwanisa kuona nguva yepfumvudza ichiuya ukasaziva kuti kuna Mwari. Unogona kuona kupora kwemaziso asingaoni, nzeve dzisinganzwi, woziva kuti ndiMwari. Asi ko dai zvaiva zviri izvo zvega zvaivepo, uye mushure mekunge tafa toparara? Asi rumuko, Esta, oo, ndirwo rwakasimbisa zvinhu zvese Mwari zvakambobimbisa, rwaive rumuko.

61 Uye vanofanira kuva nekurovererwa, usati wakwanisa kuwana rumuko. Uye Chechi isati yambokwanisa kuona Simba rakamutswa, ndisati ndakwanisa kumboona shumiro itsva ichiitika pachangu, usati wakwanisa kutombopinda mukuyanana kutsva naMwari, panofanira kuve nekuzviroverera pachako pamuchinjikwa kuitira kuti pakwanise kuuya rumuko. Tinofanira kufa kune kupfungwa dzedu pachedu, kufa kunzira dzedu pachedu, kufa kune zvinhu zvese zvakatipoterredza, nokupfuura nemumiedzo nematambudziko, kuti tigoona rumuko rutsva, Hupenyu hutsva. Mutadzi asati agona kuve Mukristu, panofanira kuuya rufu, tevere rumuko.

62 Abrahamama asati agona kuona Erohimu, paifanira kuve nemakore makumi maviri nemashanu ekuedzwa. Vana vechiHebheru vasati vaona Mwanakomana waMwari, vaifanira kupinda muvira remoto. Dhanieri asati agona kuona Mutumwa, aifanira kupinda mugomba reshumba. Jobho asati amboona

rumuko, aifanira kupinda mukati orasikirwa nezvose zvaaiva nazvo; asi zvino, nechiratidzo, akaona!

⁶³ Uye kana Jobho nechiratidzo aigona kumira zvakasimba kwazvo pavimbiso, zvikuru sei zvatinofanira kuita isu, mushure mekunge Kristu amuka kubva kuvakafa ndokuva Zvibereko Zvekutanga zveavo vavete, ndokutumira zvakare Mweya Mutsvene sechisimbiso chevimbiso, pamusoro pedu, kuti nesuwo tichararama. “Nekuti Ndinorarama, nemiwo munorarama!” Kuona Hupo hwaKe hukuru pakati pedu, huchishanda, huchiita zviratidzo nezvishamiso zvimwe chete zvaAkaita panyika, zvichitipa tariro. Zvino tinouya kurumuko, uye ipapo toramba tiri pamirwi yedu yemadota? Ngatibvei pamurwi wemadota nhasi, tiine chiratidzo chitsva, neSimba idzva, nekutsunga kutsva kuti tione Mwari muSimba raVo. Tinoona rumuko rwezvinhu rwuri kuuya.

⁶⁴ Tiri panguva yerufu. Takagara mumasuwo erufu. Nyika dziri mumasuwo erufu.

⁶⁵ Russia yakawana chombo chitsva zvino, sekunzwa kwamakaita mese pawairesi nechinhu. Havafaniri kuuya kuno uku kuzoiputitsa nebhambu. Vanogona kungounza chimwe chinhu chidiki neche kuno, vopinda pakati pevatsori vavo, vomwaya zvinhu zvidiki mune chero nyika, uye munhu wese anoona mitezo kwemaawa makumi maviri nemana. Vouya kuno uye, paunomuka, pane muRussia ari kukukava padivi, murindi wekuRussia muhombwe achitora imba yako, achibhinya mudzimai wako, achikandira vana vako kunze mumugwagwa, nekutora imba yako. Vanogona kuzviita. Havana kana nechinhu chimwe zvacho chavaizorasikirwa nacho. Vanazvo. Hapana anoziva kuti chii. Munoono, zvinhu zvese zvichishanda mazviri. Zvino vanogona kushandisa izvozvo uye vasingazvitye, nekuti hapana mumwe munhu anazvo.

⁶⁶ Hatizivi kuti zvichauya sei, chii chichaitika. Asi tinoziva chinhu chimwe chete, kuti tiri pamurwi wemadota. Nyika, iri pamurwi wemadota. Pasi rose riri pamurwi wemadota.

⁶⁷ Uye nekuti pasi rose riri pamurwi wemadota, ndinofara kwazvo kuti Mweya waMwari unogona kuuya, uye tinogona kuti, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye nezva rekupedzisira Achamira panyika ino!” Rimwe zuva Achauya! Ndosaka mudetemi akanyora kuti:

Mukurarama, Akandida. Mukufa,
Akandiponesa.
Mukuvigwa, Akatakura zvivi zvangu kure-
kure.
Mukumuka, Akandiruramisa pachena
nokusingaperi.
Rimwe zuva Ari kuuya, oo, izuva rinobwinya
sei!

⁶⁸ Zvakatatora Getsemani, remadonhwe eRopa achipamuka nemuganda raKe, zvisati zvaitika. Uye zvakatora kugomera kweutsinye kweKarivhari, pasati pauya humbowo hwaMwari Vekusingaperi Vaigona kumutsa vakafa. Zvakatora—zvakatora Getsemani neKarivhari, kugadzira Esta. Mazvirokwazvo zvakadaro.

⁶⁹ Kuti vaapostora vaya, pamangwanani aya, pavakange vakaodzwa moyo zvikuru, kusvikira Petro akati, “Ndakaodzwa mwoyo kwazvo, ndinotenda ndichangodzokera hangu kunoredza zvakare. Ndichadzokera zasi. Ini, ndakaMuona.”

⁷⁰ Vaive netariro huru, uye vakatenda nezvose, kudzamara pazvakasvika panzvimbo iyoyo huru ine rima. Mwari vaiitei? Vaiunza vaapostora ivavo kumurwi wemadota. Vaivaunza kunzvimbo yekuti uko ivo vaizova nekutenda kwavo kwakasimbiswa kwavari.

⁷¹ Zvino Petro akati, “Nda—ndakaMuona achiita zvishamiso zvikuru zasi uko kuGarirea. Asi, oo, Akarara neche uko, akafa, uye achitonhora, ari muguva! Ndinotenda ndichangodzika zasi kugungwa mangwanani ano ndokanda mumbure, uye ndongoenda kunoredza. Pamwe ndinogona kutarisa mhiri kwegungwa uko, uye ndichaona. Ndinorangarira ndichiMuona paAkatimirira kumahombekombe. Ndinotenda ndichangoenda zasi.”

⁷² Uye vaapostora vakati, “Munoziva chii? Ndinotenda ndichangoenda newe.” Oo, vaive vakasuruvara. Vakange vachema kusvika maziso avo azvimba.

⁷³ Tinoziva kwazvo kupfuura nenzvimbo idzodzo! Tinoziva kwazvo! Tese tinoziva zvinhu izvozvo.

⁷⁴ Ndinorangarira pandakaradzika mumwe akakosha uko muguva, kumusoro pamusoro pechikomo mhiri uko, kunonzi kuEastern, kana kuti Walnut Ridge Cemetery. Kuti ndakaradzika sei mwana mudiki imomo! Zvino ndaichema paruoko rwaamai, kusvikira, ndakachema kusvikira ndisisagone kuchema zvachose. Ndakanga ndaita zvese zvandaiziva. Kusvikira, ndakatora pfuti, kuti ndiedze kuzviuraya, ndakanga ndiri panguva yakadaro. Zvino yakanga iri nguva iyoyo, mukamuri iya diki kumusoro uko, pamabvi angu, apo Matenga akavhurika, zvino ndakamuona akamira ipapo mukubwinya kwekusafa. Maiva munguva iyoyo apo ndakanzwa maoko ake akambundira pamapfudzi angu, akati, “Bill, hausi kunzwisisa. Isu titori nani zvakanyanya kupfuura iwe.”

⁷⁵ Munoono, zvinotora kurovererwa. Zvinotora kutswanywa-tswanywa kweruva, kuunza zvinonhuwira kubva mariri. Zvinotora kutswanywa-tswanywa kwehupenyu, kuti uwane zvakanakisa kubva mahuri pane zviripo. Ndicho chikonzero Jesu akafanira kutswanywa-tswanywa, kuti abudise zvaAive. Aisagona kumira kurovererwa kusati kwaitika, oti, “Simba

rose riri Kumatenga nepanyika rakapihwa muruoko rwaNgu.” Asi mushure mekurovererwa, Aigona kumira achiti, “Masimba ose ari Kumatenga nepanyika akapihwa muruoko rwaNgu!” Asi zvakaitei? Zvakatora kurovererwa kutanga.

⁷⁶ Zvakatora kutswanywa-tswanywa uye nekuodzwa moyo kwevaapostora. Vakanga vaona Muponesi wavo, Uyo wavakange vada, uye vakaMuona achitomutsa vakafa kubva—kubva muguva. Vakanga vaMuona achidaro. Uye ipapo ndokufunga, “Hapo paArere, akatonhora, ari muguva, pachaKe, mangwanani ano.” Zvakatora . . .

⁷⁷ Vanhu avo vakange vaMuona achivhura maziso emapofu, vakaMuona akamira ipapo uye achinzvera pfungwa chaidzo dzaive mumoyo yevanhu, “Ko sei Aisaziva,” vaizoti, “kuti vaya vakanga vachiMuvinga? Ko Akaziva sei? Sei Aisaziva Judhasi, Judhasi aizo—aizoMutengesa? Sei Aisaziva kuti masoja aiuya achikwira makomo ipapo, netsvimbo neminondo nezvimwe zvoise, kuti vaMutore, kana Aigona kunzvera pfungwa dzavo?”

⁷⁸ Munoono, dhivyabhore aishanda pavari, achivaisa pamurwi wemadota, nekuti vaida kuvapa huchapupu hwekuti “Ndinoziva.” (Kwete “ndinofungidzira” kana kuti “pamwe ndizvo.”) “Ndinoziva! Ndinoziva!”

⁷⁹ Uye rangarira, miedzo iyoyo inounzwa pauri nenzira imwe chete, kuitira kuti urege kuzoti, “Hamen, pamwe Izvi ndizvo zvehokwadi, pamwe Rugwaro nderwe chokwadi, pamwe kupodza kwaMwari ndekwe chokwadi, pamwe Mweya Mutsvene ndiwo wechokwadi.” Asi kana ukawana chiitiko ichocho zvino wobva pamurwi wemadota iwayo, zvino wowana chizaruro chaMwari, kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, unogona kudandizira, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, nekuti Anogara mandiri!”

⁸⁰ Petro akati, “Ndichaenda kunoredza.” Vaapostora vakati, “Ndinotenda ndichangoenda newe.” Uye ipapo vaiva pamurwi wavo wemadota, zasi ikoko pakati pegungwa, uye dambudziko richienderera mberi sezvaraiva. Uye ndinogona kunzwa mumwe wavo achiti, “Oo, zvaigoitika sei, Petro? Ko zvaigova sei chinhu chakadaro kuti Munhu akadaro angafe? Ko Aigona sei kuiswa muguva sei nezvaAiva? Ko Aigomira sei achivasiya vachisvipira kumeso kwaKe nekudzura ndebvu, vachiisa korona iya pamusoro waKe? Ko Aigodaro sei, oo, uye agoramba ari Mwari? Handitongokwanisi kuzvinzwisisa.” Oo, kuodzwa moyo kwakadini!

⁸¹ Zvino kamwe-kamwe, vakatarisa mhiri kumahombekombe, nechizaruro chimwe chete icho chakabatwa naJobho, ipapo vakaona zvakaonekwa naJobho makore zviuru zvina kumashure. Hapo paiva pakamira Mudzikinuri, ari mupenyu uye ari muhutsva, akamira pamahombekombe. Nemoto

wakagadzirwa, nehove dzakabikwa pauri saizvozvo, ndokuti, akavakoka.

Jesu ane tafura yakawaridzwa
 Uko vatsvene vaMwari vanopiwa chokudya,
 Anokoka vanhu vaKe vakasarudzwa “Huyai
 mudyeye;”
 Nemana yake Anopa chokudya
 Nekutipira zvishuvo zvedu zvese;
 Oo, izvo, zvinotapira kusvuvura naJesusu nguva
 dzose!

Tinogona sei kufunga izvozvo, kuti zvakatora sei zvinhu zvikuru izvozvo!

⁸² Kuti uyo...Pauro muapostora, muapostora mukuru iyeye akanga apfuura nemunguva yake yekutambudzika paakapupurira rufu rwaStefano; ndokuona chiso chake chidiki chakatarisa Kudenga, nematombo achimurova kumeso, zvino akatarisa kumusoro ndokuti, “Ndiri kuona Matenga akazarurwa. Ndiri kuona Jesu akamira kuruoko rwerudyi rwaMwari.” Akati, “Ishe, musavapa mhosva yechivi ichi.” Zvino Pauro akabata majasi, zvakange zvamuisa kwemavhiki nemavhiki pamurwi wemadota, achifamba achikwira nekudzika; kusvikira, pfungwa dzakange dzasvibiswa, kusvikira akange ari munzira yake kudzika kuDhamasiko, kuzama kurwisa nzira yekubuda nayo, semunhu ari kuenda kubhodhoro rehwise, kuedza kuvhara kusuwa kwake.

⁸³ Aive pakati paizvozvo, apo pakauya Izwi kubva Kudenga, Chiedza chikuru chaipenya chikati, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?” AkaMuona. AkaMucherechedza, kuti Aiva Jesu wakamuka, Uyo waakapupurira achifa, wakamuka zvakare.

⁸⁴ Oo, ndinogona kurangarira hupenyu hwangu pachangu, ndiri munzira inodzika kunoparadzwa, pandakanzwa Izwi rinotapira, “Ndini Jesu. Ndakanga ndakambofa, Ndiri mupenyu nekusingaperi. Nekuti Ndinorarama, unogona kuraramawo zvakare.” Kubva panguva iyoyo, ndichiisa ruoko rwangu mune rwaKe, ndakavimba naYe nemunzvimbo dzine rima. Kana nguva dzasvika uko kwandisingakwanise kuona, nzira yekwandiri kuenda, ndinoramba ndichivimba naYe.

⁸⁵ Mutendi wese Mukristu anofanira kusundidzirwa mumiedzo iyoyo. Mutendi wese Mukristu anofanirwa kuiswa pamurwi wemadota, kuti agone kubuda aine chitiko, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama!”

⁸⁶ Hatiuyi pano mangwanani ano kuzongogara nekutaura pamusoro peimwe nyaya yemunhoroondo yakaitika, inova iri yechokwadi yose, asi tinouya pano nechapupu mangwanani ano, “Ndinoziva kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, Ndinozviziva pasina kana chero mumvuri wekupokana!

Ndinoziva kuti Akamuka kubva kuvakafa, uye Anorarama mandiri nhasi. Ndewangu uye ndiri waKe. Ndiri mudyi wenhaka pamwe chete naYe, muHumambo hwaMwari.”

⁸⁷ Esta! Esta inounza chinhu chikuru, rumuko, tariro itsva. Unayo here mangwanani ano? Iri mumoyo mako here? Unoziva here kuti Mudzikinuri wako anorarama, uye Anoita kuti zvinhu zvese zvishandire pamwe chete?

⁸⁸ Unoti, “Hama Branham, ndakagara pano, ndakamirira mutsara wekunamatirwa.”

⁸⁹ Mwari vari kushandira izvozo chaizvoizvo mukunaka. Sei mukomana mudiki uya anokosha, rimwe zuva, akarohwa nehupofu paakazvarwa? Kutu Mwari vakwanise kuwana mbiri uye vagopidigura guta. Chokwadi, Mwari vanoziwa zvaVari kuita. Mwari vanoziwa. Uye Vanotiisa pamurwi wemadota, kuitira kuti vatiratidze kubwinya kwaVo.

⁹⁰ Saka, mangwanani ano ndinotaura izvi, shamwari. Mushure memakore makumi matatu nerimwe eshumiro, mushure memakore makumi matatu nerimwe emushando wakaomara mumunda wekuvhangera, ndinoda kupa chapupu changu kune izvi. Ndakaona zvinoodza moyo. Ndakaona nguva yandakakumbira zvinhu, nekuchemera zvinhu, nekukumbira zvinhu, ndikatadza kuzviwana. Asi kana ndikangomirira nekutsungirira pana Mwari, ipapo ndinoziva kuti zvinoshanda zvakanaka chaizvoizvo, zvinobuda zvakanaka chaizvoizvo, zvinoita nemazvo chaimo chinhu chakanaka.

⁹¹ Pandakarikirwa nemucheche wangu, Sharon wangu mudiki, ini. . . ndicho chaive chimwe chinhu chakandigumbura. Ndakati, “Ko zvingazova zvakanakirei? Ko zvingazova zvakanakirei?” Zvino mwedzi yaitevera, pandakamuona akamira ipapo murunako rweke rwemusikana wechidiki, achitaura neni, akamira parutivi rwengoro iya yakare yakatyoka, ipapo. Ndakaziva, kuti dai aizorarama, aigona kunge akazoshanduka oita zvisirizvo. Mwari vakatozomutora achiri munyoro uye achitapira. Ndinoziva kuti ndichamuona zvakanaka. Ndinoziva kuti ndichamuona, ndinozviziva pasina kana chero mumvuri wekupokana.

⁹² Ndinofunga nezvemudzimai wangu wemakore makumi maviri nemaviri ekuberekwa, akatorwa, achingori musikana zvake, amai vadiki ipapo. Apo mapepa akapa musoro wenyaya pano, “Ami vechidiki, mufundisi. . . , vachangofa,” oo, moyo wangu wakarwadza sei! Ndakange ndisingazive zvekuita.

⁹³ Asi nhasi ndinoziva kuti zvese zvaishandira mukunaka kwandiri. Ndinoziva kuti hupenyu hwaifanirwa kukuyiwa, nekumonyororwa, nekusvinwa, kuti hubuditse zvaive zviri mahuri, kunze. Makanga muina Branham akawandisa imomo, aifanira kusvinwa achibuda Mwari vasati vakwanisa kuZvzivisa.

⁹⁴ Makanga makawandisa iwe mauri, kusvikira Mwari vakatozovisvinira kunze, kubudikidza nemiedzo. Zvino kusvinwa ikoko pakwaiuya, kwakaoma. Asi mushure mechinguva, matenga anojeka zvakare, ipapo unobva waona chinangwa chaMwari. Unobva wadanidzira, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye pamazuva ekupedzisira Achamira panyika! Kunyangwe honye dzemunyama dzikaparadza mutumbi uno, asi zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari!” Miedzo midiki iyi nezvinhu ndezve chinguva bedzi, uye inonyangadika pamwe nekupfuura. Asi inongoitirwa chete kuti zvikunakire, ngatirangarirei izvozvo, kuti Mwari vazowane mbiri.

⁹⁵ Ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva. Ndinoda kubvunza, tisati tanamata, pane mumwe here pano angade kurangarirwa mumunamato tisati tavhara? Mwari vakuropafadzei. Vangani vari muno vangati, “Ndinoda Mwari, munguva yekuedzwa kwangu zvino, kuti vandipe chiitiko chitsva, kuti ndikwanise kubuda ndava mutsva zvakare?” Simudza ruoko rwako, uti, “ndinoda—ndinoda kuti urwu rwuve rumuko kwandiri, imwe Esta, indimutse mutariro itsva nemasimba matsva, hutano hutsva uye nemufaro mutsva.” Ishe vakuropafadzei, vanhu vangu vanodikanwa.

⁹⁶ Oo, Mwari wedu neMuponesi wedu, tinoKutendai zvikuru nekuda kweEsta ino, nezvainoreva kumoyo yedu. Uye nekutenda, mhiri uko, mhiri kwenyika, tinogona kuona Kuuya kwaIshe, Jesu, paVari kuzvigadzirira pachaVo zvino, vachipfeka hanzu dzaVo dzhumambo. Uye, Chechi iri kupfeka, Chikomba chichipfeka hanzu yaCho yemuchato. Pari kugadzirira kuva nemusangano mukuru munguva pfupi iri kutevera.

⁹⁷ Murwi uyu wemadota haukwaniisi kumira nekusingaperi. Patinenge tiri kunzwa vanhu vachiseka, vachiita dambe nesu, uye vachitidana zita riya rokunyomba rekuti “vaumburuki vatsvene,” uye vachitiseka, uye vachiti hatina kunyatsokwana mupfungwa, oo, hazvigone kugara kwenguva dzose, Ishe. Asi ngative saJobho, tobata chapupu chedu, ngativei saDhanieri pagomba reshumba, kana vana vechiHebheru vari pavira remoto, kana Abrahamama murwendo rwake.

⁹⁸ Tibatsireiwo, Oo Ishe, kumira takatendeka kusvikira taona chinhu chikuru chiya chichiitika, “Kana hwamanda yarira, uye vakafa muna Kristu vachamuka; isu vapenyu uye vasara tichashandurwa, kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso.” Uye zvarado pachauya Esta iya kwatiri, iyo Kristu akafadzwa nayo makore chiuru nemazana mapfumbamwe akapfuura mangwanani ano, ndokuti, “Nekuti ndinorarama, nemiwo munorarama.”

⁹⁹ “Jesu mumwe chete uyu, akatorwa kumusoro achibva pakati pedu, achadzoka nenzira imwe chete yaAkaenda nayo.”

TichaMuona, kunyangwe vanga roga-roga riri muruoko rwaKe nevanga rose reminzwa riri mumusoro waKe. TichaMuona.

Oo, ndichaMuziva, ndichaMuziva,
Uye ndakadzikinurwa parutivi rwaKe
ndichamira.

¹⁰⁰ Hongu, Ishe, moyo wangu unosiririsa, apo mutumbi wangu uno wakarukutika wochitanga kukombama pasi pemutoro, kufunganya uye nekushanda zvakaoma mugoho, minda yekuvhangerana, nenguva dzakanaka nedzakaipa, uye nekushaya hany'n'a pakati pevashumiri vanozvitutumadza, nevamwe vakadaro, munzvimbo dzese, uye nevanhu vachizvidza, uye nemasimba akaipa. Asi, O Ishe, rimwe zuva tiri kuuya saEria, zasi kurwizi; totarisa mhiri uko, pakasungirirwa pagwenzi roga-roga, ngoro yemoto ichatitakura tichienda. Tizivisei kuti mirwi iyi yemadota ingori zvfukidzo zvekutivanza kubva kuchinhu chikuru icho chakangomira chiri kumberi, kubwinya kuya kukuru.

¹⁰¹ Dai taramba tiri takatendeka saJobho, kusvikira taMuona, chiso nechiso. Dai tava takatendeka sezvaiva zviru Ishe wedu, semuenzaniso wedu, kuti tiende kuKarivhari; zvakare, takagadzirira kurovererwa, uye nekurovererwa pamwe chete naYe, kuti pave nerumuko muhupenyu hwedu. Zviitei, Ishe.

¹⁰² Dai, kana paine vaseki pano, vanga vakafanana naPauro wekare, vanga vachiseka, dai vawana Esta munzira yavo yekumba nhasi mangwanani ano. Zviitei, Ishe.

¹⁰³ Tinonamata, Ishe, kuti avo vari pamurwi wemadota wekuperadzwa, murwi wemadota wehurwere, kuti ino ndiyo ichava nguva yavanosunungurwa.

¹⁰⁴ Husiku hwapfuura, ndichitaura kumukadzi mudiki uya kunze patirera, pamwe nemurume wake; kuti mhiri kuPhoenix, ari muchinhano chakaipa, uye kenza huru dziya dzakagara ipo pavari, uye zvino nhasi vakanyatsopora zvakakwana uye vakanyatsoita zvakanaka. Uye mwana mudiki anga achizobviswa moyo wake, akagara muno muchivakwa mangwanani ano, akanyatsoita zvakanaka, ari mutano. Mukomana mudiki bofu uyo pane imwe nguva aifamba murima uye asina kumbobvira akaona chiedza chezuva, anofamba nhasi uye anoona chiedza chezuva. Zvino, Oo, Mwari, tinoKutendai sei nokuda kweizvi! Uye zvese zviru kutarisa seri kwechidzitiro, kuzuva iroro guru rerumuko. Zviitei, Baba. Uye itai kuti vazive kuti zvinhu izvi zvaifanira kuve vakadaro, kuti izvi: mukomana mudiki bofu agone kuona, kuti mwana mudiki ainge ane dambudziko remoyo akwanise kupa chapupu kune vamwe. Zvinhu zvese izvi zvinoshandira pamwe chete mukunaka kune avo vanoKudai.

¹⁰⁵ Zvese zvakagoneswa kwatiri nekuti paive neMumwe akateerera mukuedzwa, paive neMumwe Akamira pakuedzwa,

akange ari Jesu. Uyo Akateerera kwazvo kuna Baba, kusvikira Baba vakaMumutsa mangwanani eEsta, nekuti zvaisakwanisika kuti Abatwe nerufu. “Nokuti haNdingatenderi Uyo Mutsvene waNgu kuti aone kuora, kana kuti Ndisiye mweya waKe mugehena.” Nekuti, Akawanikwa akatendeka, achigara achiita izvo zvinofadza Baba.

¹⁰⁶ Mwari, dai tikaramba takatendeka tiri panzvimbo yebasa. Zvisinei nokuti miedzo yedu yakadini uye nematambudziko edu, chero chii zvacho, dai tikakwanisa kutaura, nguva dzose, “Ndinoziva kuti zvinhu zvese zvinoshandira pamwe chete mukunaka kune avo vanoda Mwari.” Zviitei, Baba.

¹⁰⁷ Tinoropafadza vanhu ava mangwanani ano nemaropafadzo eNyu. Vamukira kuuya vachibva kunzvimbo dzavo, vauya kutabhanakeri. Vauya kuzowana nyaradzo. Dai vaenda kumba mangwanani ano, neSimba reMweya Mutsvene richipisa mumoyo yavo, vachifamba munzira seavo vaibva kuEmausi, vachiti, “Moyo yedu haina here kutsva matiri, apo anga Achitaura nesu munzira?” Zviitei, Baba. Ndinovakumikidza kwaMuri zvino, muZita raIshe Jesu Kristu. Amenii.

Zvakanakai, Hama Neville. Uye zvino rangarirai shumiro.

¹⁰⁸ Hatizove nemakadhi ekunamatirwa mangwanani ano, nekuda kwekuti, kana tiine makadhi ekunamatirwa, chero bedzi ndikaita kuti vanhu vamire pano saizvozvo, ndicharamba ndichivimba nechipo ichocho. Ndinofanira kuva nenzvimbo kusvikira ndachiisa parutivi, apo pandinogona kufamba ndichiuya kuno uye ndogona...Ndinotyta. Ndinoita sekunge ndiri kutya, uye ndinotyta kuti ndichakanganisa. Kukundwa pakurwa, hakusi kurasikirwa nehondo yacho. Patton akakundwa pakurwisana kakawanda, asi haana kumbobvira akakundwa muhondo. Ndizvozvo. Uye tichakundwa pakurwa kuzhinji, zvakare, asi hatizorasikirwi nehondo yacho. Ndichaita mhosho dzakawanda, asi handizorasikirwe neChinangwa. Mwari vakachipa, uye Mwari vachachichengetedza. Chi-chizoro. Uye zvino yave nguva, ndinotenda kuti ndiyo nguva yacho, uye ndave kutanga, nekuda kwekuti iEsta nhasi uno, Ndiri kuenda—kuenda mberi sezvandakaita paye ndichinamatira vanorwara. Uye kana ndikagona...Chizoro. Chimwe chinhu chinofanira kuitika mandiri. Handina kunyanya kuchijaira. Chinouya nenzira yekuti, ini pamwe ndinogona kutadza kuchibata nemazvo, asi ndinofanira kuramba ndichienda pachiri kusvikira ndava kuchiziva nguva dzese. Saka rino ndiro richava zuva randichaedza, nenyasha dzaMwari.

¹⁰⁹ Ishe vakuropafadzei zvino. Hama Neville. Uye shumiro dzichatanga nanine-thirty. Hama Neville.



NDINOZIVA SHO60-0417s
(I Know)

MHARIDZO DZEPAESTA DZAKATEVEDZANA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu mangwanani eSvondo yeEsta pakubuda kwezuya, Kubvumbi 17, 1960, paBranham Tabhenakeri, muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org